

Estanda obligatwa sousekirite nan plas travay yo



DISTANS SOSYAL



Tout moun, sa ki gen ladan anplwaye, kliyan, ak founisè yo rete omwen sis pye distans apa nan pi gwo limit posib, alafwa andedan ak deyò plas travay yo

Etabli pwotokòl yo pou asire ke anplwaye yo ka pratike distans sosyal adekwat

Afiche siy pou distans sosyal ki sekirize

Egzije kouvri figi oswa mask pou tout anplwaye yo

PWOTOKÓL IJYÈN



Bay kapasite pou lave men nan tout plas travay la

Asire anplwaye yo lave men yo souvan epi bay materyèl adekwat pou fè sa

Bay sanitasyon souvan nan kote yo manyen anpil yo, tankou estasyon travay, ekipman, ekran, manch pòt, twalèt nan tout lokal travay la

PÈSONÈL & OPERASYON



Bay anplwaye yo fòmasyon osijè distans sosyal ak pwotokòl ijyèn yo

Asire ke anplwaye yo ki gen sentòm tankou COVID-19- pa vin travay

Etabli yon plan pou anplwaye yo ki vin malad nan COVID-19 nan travay la, ak yon plan pou yo retounen travay

NETWAYE & DEZENFEKTE



Etabli ak kenbe pwotokòl spesifik netwayaj nan biznis lan

Lè yon anplwaye aktif dyagnostike avèk COVID-19, yo dwe fè netwayaj ak dezenfekte

Dezenfekte tout sifas komen yo dwe fèt nan entèval apwopriye nan plas travay sa a